



Neptune Court Demerajman Oryantasyon 2020

Fasilite pa:



Ajanda Dakèy

1. Demenajman revizyon
2. Opsyon Lojman (Kay)
 - lòt TNHA inite (apatman)
 - Seksyon 8
3. Prosedi ranbousman pou demenajman
 - demenaje pwop tet ou
 - Depo Sekirite (Sekon 8)
 - Frè transfè Televizyon/Telefon
 - Frè ajan immobilye (moun kap ede moun chache kay)
4. Kritè kalifikasyon pou Seksyon 8
5. Kesyon & Repons
6. Fèmti

Apèsi sou Demanajman

- Tout fanmi ki ap viv nan Neptune Court et ke kontra lwaye yo kouran kalifye pou assistans demenajè
- Nan efò pou akselere prosè demenajman an nap pase nan plizye etap:
 - A. Tout fanmi dwe rankontre ak on konseye demanajman pou baga sila yo:
 - Lojman fanmi endividyel bezwen evalyasyon ak lojman konseye.
 - Konsèy fanmi individyèl opsyon sou disponibilite demenajman
 - Lojman Piblik (Bilding granmoun aje ou Sit familye)
 - Koupon (Bon) chwa lojman (Seksyon 8) – Sektè prive
 - Swiv Fanmi yo

Apèsi sou Demanajman

- B. Tout lokatè dwe satisfè estanda tè s depistaj la jan li endike nan ACOP. Lokatè yo dwe an AN REG ki vle di:
- Konfòm ak kontra lwaye a
 - Peye lwaye a atan
 - Pase verifikasyon kriminèl pou tout granmoun (pi plis ke 18 lane) Menm jan le ou resètifye.
 - Kapab mete itilite yo (kouran, gaz, elatriye) sou non moun ki reponsable kay la
 - Pase inspeksyon kay la

Demenajman

- Tout fanmi ki ap viv nan Neptune Court e ki konfòm ak kontra lwaye yo gen dwa ak, men pa limite ak bagay sila yo:
 - Konsèy demenajè
 - Rankont youn a youn pou konnen kisa kay la bezwen and demenajman preferans
 - Idantifye inite (apatman) similè
 - Eksplike benefis demenajè ak pwosedi tankou: aranje dat demenajman, lajan depo, lajan gaz ak elektrisite, transfere sèvis telefon ak television ki te deja egziste
 - Ap gen referans, ki pou ede rezidan yo tranzisyon nan nouvo comminote yo si li nesesè.
 - Espesyal seminè sou topik sila yo:
 - Kijan pou w mentni kay ou
 - Kijan pou w pake/ demenaje
 - Aji an bon vwazen/ lokatè
 - Bidjè ak jesyon lajan

Konfomite Kontra Lwaye

- On fanmi konsidere kofòm ak kontra-lwaye a si yo rampli estanda sa yo, brize yo ap konstitiye on vyolasyon grav de tèm (pwovizyon) kontra:
- Kofòm ak tèm (pwovizyon) kontra a.
- Peye lwaye atan oubyen akò pou repeye lwaye.
- Kapab aktive sèvis itilite yo sou non moun ki responsab kay la oubyen ako pou ou repeye itilite yo.
- Pa gen okenn moun san otorization kap viv nan kay la.
- Moun ki pa angaje nan zak kriminèl ki reprezante menas pou sante, sekirite oubyen dwa trankilite lot lokatè ak moun kap travay nan plas la;
- Pa dwe al nan prizon pou manifaktire metanfetamin (bani a vi) nan kay ki assiste pa leta.
- Okenn moun nan kay la ki sijè a anrejistre a vi nan pwogram detounman minè (delenkan seksyèl) anba kondisyon eta a (bani a vi).
- Okenn moun nan kay la ki gen on pase kriminèl nan 7 dènye lane yo ki enplike krim vyolans sou moun ak pwopriyete. Krim vyolans sou moun ak pwopriyete ta gen ladan l, men pa limite ak, detwi pwopriyete oubyen kraze brize, volè, van dwòg, manifaktire, utilize oubyen pwosede li, menas arasman, atake moun oubyen goumen, bat mari ou madanm, zak ak zam, kadejak ak antre lakay moun san otorizasyon (kase kay).

KONFOMITE KONTRA LWAYE (kontinye).

- Okenn moun nan kay la ki gen on pase kriminèl ki enplike boule kay.
- Si yon moun nan kay la pa ka pase tyek kriminèl ki sot site a (boule kay), fanmi ka toujou konsidere konfòm ak kontra lwaye a si moun ki koupab la kite kay la. Otorite a toujou kenbe dwa pou li konsidere tout sikonstans ki gen rapò ak on ka patikilye. Wè 24 CFR pati 966.4 (vii) (B).
 - Pa dedomaje, kraze oswa retire pwopriyete otorite nan yon inite oswa developman, sof si rezidan (lokatè) peye oswa nan yon akò pou ranbouse pou damaj ak;
 - Kolabore ale nan resetifikasyon revni ak sikonstans familial.
 - Rezoud pwoblèm antretyen kay la.
- Fanmi yo pap ka demenaje toutan yo pa adrese pwoblèm sa yo, sepandan pwoblem yo pa dwe adrese pita ke dat ki tabli nan avi 90 jou a. Si fanmi an keksyon an repare vyolasyon I (non-konfòmite) avan kontra lwaye a bout, dwa fanmi an pou li demenaje ap retabli. Si li pa ka repare vyolasyon li a, otorite a ka komanse pwosedi revokasyon ki baze sou lwa federal ak lwa leta.
- Yo pap kenbe inite (apatmant) ki vid pou fanmi ki ap repare vyolasyon kontra li a. Fanmi sa yo ap kalifye pou demenajman selman apre yo fini repare vyolasyon kontra lwaye a. Fanmi ka dispite ki sa on vyolasyon nan kontra lwaye a ye atravè pwosedi doleyans jan sa endike nan ACOP a.

Chwa Kay an Pemanans (Chwa Kay)

- Yon inite (Apatman) TNHA ki vid nan pòtfolyo rezidans piblik nou yo.
- Si ou granmoun, oubyen andomaje, leta gen on bilding espesyal pou moun ki granmoun ak moun ki domaje.
- Bon (koupon) chwa kay (Seksyon 8) ki pou pèmet ou viv nenpot kote nan Neptune, vil bò kote yo oswa nan yon lòt eta.



Depans Demenajè


- Kijan pou ou jwenn kòb ke ou te depanse a lè ou tap demenaje:
 - Senk (5) paj sa yo dekri ki pyès chak lokate dwe bay demenajman konseye a pou li ka remèt yo lajan yo te depanse a.
 - Si ou pa prezante pyès yo mande yo, ranbousman an ap pran reta e yo ka menm refize li.

Ranbousman si se ou ki demenaje pwòp tèt ou

- Si ou chwazi pou ou demenaje pwòp tèt ou, fanmi an responsab pou deplace tout propiyete prive yo, yap jwenn lajan yo depanse pou demenajman an apre kay la inspekte et ke yo jije li vid kompletman.

Pri fiks ranbousman pou lè ou demenaje

- 1 Chanm - \$ 850.00
- 2 Chanm - \$1,000.00
- 3 Chanm - \$1,150.00
- 4 Chanm - \$1,300.00





Lajan Depo Pou Fanmi seksyon 8 yo

Tout fòm yo dwe ale jwenn konseye demenajman ou:

1. Yon kopi bon (koupon) chwa kay (Ke wap jwenn nan seksyon 8 office la).
2. On kopi kontra HAP seksyon 8 la (Ke wap jwenn nan seksyon 8 office la).
3. On kopi kontra lwaye a ke ou siyen. (ke mèt kay la ak lokatè a dwe bay)
4. Dezinyasyon fòm pou lajan depo ke mèt kay la ak lokatè a siyen.
5. On kopi fòm w9 ke mèt kay la siyen.

Sèvis itilite


- Ou ka bezwen bay konpayi gaz ak elektrisite a on kopi kontra lwaye ou ki gen siyati ou.
- Kou papye yo konple. Konpayi a ap baw on papye ki gen numero kont ou ak kantite lajan depo, si yo bezwen sa.
- Wap gen pou ou pote papye a/ premye bòdwo pou mwa a ki gen kantite kòb ou peye pou depo.
- Non ou ak numero kont ou (HOH) dwe parèt menm jan li ye sou bòdwo a.



❖ Tout fom yo dwe al jwenn konseye demenajman ou a.

FRE TELEVIZYON TRANSFE

- Ou dwe deja gen konesyon televizyon kote ou rete a pou yo ka ranbouse ou pou fre transfè a.
- Wap bezwen pote papye orijinal la, oubyen premye bòdwo pou mwa a ki genyen fre transfè ou a ladan li.
- Tyenaske non ak nimewo kont ou (HOH) parèt sou bòdwo a.



FRE TRANSFE TELEFON

- Premye mwa bòdwo telefon nan nan nouvo adrès ou, ki gen frè transfè a.
- Tyenaske non ak nimewo kont ou (HOH) parèt sou bòdwo a.



Senk paj sa yo detaye kondisyon kalifikasyon pou seksyon 8. Tout lokatè ki chwazi opsyon sa a dwe ranpli kondisyon sa yo pou yo ka konsidere yo pou pwogram seksyon 8 la.



SEKSYON 8 KRITE KALIFIKASYON

- Pou ou kalifye ou dwe on lokatè ki konfòm ak kontra lwaye ou nan Neptune Court.
- Ann retounen sou paj 6 ak 7!



TES DEPISTAJ POU SEKSYON 8

- Tout lokatè dwe ranpli estanda tèst depistaj la jan TNHA plan administrasyon an endike a.
- Lokatè yo dwe NAN BON POZISYON ki vle di:
 - Konfòm ak kontra lwaye
 - Peye lwaye a atan
 - Pase kriminèl ki akseptab pou tout granmoun (plis ke 18 lane)nan fanmi an ki sou kontra-lwaye a.
 - Konfòm ak itilite obligasyon ou pou ou ka pase koneksyon an nan non moun ki responsab (antèt) kay la.

KOUPON CHWA KAY

- Apèsi sou kupon pwogram chwa kay
 - Finanse pa HUD
 - PHA pa aji tankou mèt kay
 - Fanmi ki kalifye ap resevwa on kupon
 - Fanmi dwe chache on inite (apatman) pou kont yo
 - Yo bay kupon an pou premye 60 jou yo et yo ka prolonje l pou on lot 60 anko.
 - Inite a dwe konfòm ak estanda kalite lojman an (HQS)
 - Mèt kay la dwe rantre nan yon kontra avèk PHA ki pou asiste peye kay.
 - Fanmi siyen kontra lwaye ak mèt kay la
 - Fanmi peye mèt kay la lwaye a dirèkteman

TES DEPISTAJ POU KOUPON CHWA KAY

- Kritè kalifikasyon pou pwogram kupon TNHA ke lokatè yo dwe genyen:
 - Kalifye an fanmi.
 - Tout moun nan kay la dwe gen social sekirite ki nenpot laj yo.
 - Omwen yon manb nan fanmi moun ki aplike a dwe on sitwayen Ameriken oubyen legal nan peyi a.
 - Okenn aplikan oswa manm fanmi pa dwe dwe lajan TNHA oswa lòt kay piblik. Si fanmi an deja nan yon akò pou remèt, tout peman yo dwe fèt alè.
 - Okenn nan fanmi an dwe fè vòl, pran lajan anba tab, oubyen okenn lòt koripsyon ki gen rapò ak pwogram goudenman asistans pou kay..
 - Tout granmoun nan kay la dwe siyen tout dokiman ak fòm konsantman ki nesèsè pou detemine kalifikasyon pou pwogram kupon chwa kay la (HCV)

TES DEPISTAJ POU KOUPON CHWA KAY

- Nap tyeke pase kriminèl tout granmoun ki nan fanmi moun ki aplike pou pwogram lan. Ou pap ka rantre nan pwogram kupon chwa kay TNHA a si:
 - Nenpòt moun nan kay la te ale nan prizon pou fabrikasyon ak pwodiksyon metanfetamin.
 - Yo te mete nenpot moun nan kay la deyo pou aktivite ki gen rapo ak dwòg oubyen vyolan aktivite kriminèl nan twa dènye lane yo.
 - Nenpòt moun nan kay la dwe anrejistre a vi nan pwogram leta pou detounman minè (delenkan seksyèl) nan eta kote kay la ye a.

SE PRIORITE NEPTUNE HOUSING AUTHORITY

**POU RANN EKSPERYANS DEMENAJMAN
OU TRE SIMP AK TRE EFIKAS.**



KONTAK EKIP DEMANJMAN YO

Danny Gonzalez-Bosques
Direktè projè a
DGB Consulting Group
dgbosques@dgbconsultants.com

Mariseli Bonilla
Manajè projè a
DGB Consulting Group
mbonilla@dgbconsultants.com

On fwa ke nou jwenn on espas nan TNHA, nou ap ba ou nimewo telefòn.

